

ETA KAWOLIN DINÒ
KONSÈY EGZAMEN



SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), ka sa te vini devan Konsèy Egzamen an (“Konsèy”) pou egzamine **apèl demandè a oswa anplwayè** a de yon desizyon ki te pran pa Abit Apèl.....sou nimewo dosye.....prèy dosye a te egzamine antyèman.

Demandè oswa anplwayè a afime nan apèl li a, li (pa te resevwa avi odyans ki pwograme a) (te resevwa avi odyans ki pwograme a aprè odyans lan te fèt). Epi demandè oswa anplwayè a te eksplike:

Konsèy la mete fen pou di, demandè oswa anplwayè a te montre bon koz jan li defini nan 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(26) paske li pa te rive prezante pou patisipe nan odyans lan. Bon koz dwe yon rezon ki sifizan legalman pou monte jiska yon ekskiz legal lòske ou pa rive fè yon aksyon lalwa egzije nan yon egzèsis dilijans rezonab. “Dilijans rezonab” vle di mezi pridans, prekosyon, atansyon, avèk bon jijman ki dwe soti de yo, epi ki te egzèsè pa yon moun rezonab epi ki pridans nan kèk sikonstans patikilye. N.C. Kòd Admin. 24A .0105(21). Baze sou sa ki presede a, koz la dwe voye bay Abit Apèl la pou dirije yon **odyans de novo**.

Nan fen odyans sou apèl ki te ranvwaye a, Abit Apèl la dwe mete desizyon an akote epi emèt yon nouvo desizyon avèk lòt konstataasyon fè avèk konklizyon jiridik yo. Konstataasyon fè sa yo pral deklare istwa pwosesis ka a, enkli tout lòd pou kontinye avèk pou ranvwaye, rezon pou yo, yon apèsi de egzijans lòd ranvwa a, epi pati yo avèk temwen ki te prezante nan chak odyans ki te fèt sou dosye a.

Dosye a **ranvwaye** pou plis pwosesis enpòtan ki gen rapò avèk desizyon sa.

ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA

Desizyon Otorite Siperyè yo:
Paj De nan De



LI ÒDONE, tout pati ki enterese yo dwe enfòmè de lè avèk lye odyans ki te ranwaye a ap fèt jan sa dwe fèt la, epi Abit Apèl la pral idantifye nouvo desizyon an nan fen odyans lan pandan l ap itilize tout nimewo dosye ki te atribye anvan avèk ka a.

LI ÒDONE TOU, tout dokiman dosye ki ranwaye ki te transmèt bay Seksyon APèl la avèk desizyon sa pral transfere bay Abit Apèl la ansanm avèk avi odyans lan, epi te di, dokiman yo dwe make kòm prèv konviksyon epi te antre nan rejis la pa Abit Apèl ki te ranwaye a pou konplete rejis yo jan li rekòmande pa lalwa.

Manm Konsèy Egzamen an Susan S Doe avèk John C Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

Sa se .

KONSÈY EGZAMEN AN

Prezidan

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizyon yon avoka dwe ekri selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lèske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen xxxx yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: